



Department of
Transportation



Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis (CBDTP)

Diminye Trafik, Amelyore Kalite Lè a, Envesti nan Transpò Piblik

Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis (CBDTP) pral diminye trafik epi ede Administrasyon Transpò Metropolitan (MTA) Nouyòk amelyore sistèm transpò li a. Veyikil k ap antre oswa rete nan distri sant biznis Manhattan (CBD) yo ap peye. Etid anvan yo montre pwogram ki menm ak CBDTP a ka diminye blokis epi amelyore kalite lè a. Envesti nan yon sistèm transpò piblik ki amelyore ka ede fè pwomosyon pou egalite lè nou bay askè ki pi laj nan sistèm nan. Yon Evalyasyon sou Anviwònman gouvènman federal egzije ak yon antre nan Pwogram Pilot Valè Pri (VPPP) FHWA a dwe fèt anvan yo ka anonse dat lansman yon pwogram.

Ki kote Distri Sant Biznis la ye?

CBD a se 60th Street nan Manhattan ak tout wout sid 60th Street, sof:

- FDR Drive ak West Side Highway/9A, ak Battery park Pasaj Anba Tè ak pòsyon wout Hugh L. Carey Tunnel ki konekte a West Street la.



Poukisa nou bezwen CBDTP a?

- Blokis bouche lari Manhattan yo pandan plizyè ane epi sa kontinye vin pi mal, avèk plis pase 700 000 veyikil, anvan-pandemi an, k ap antre CBD chak jou.
- Pandan trafik la te desann a 10 pousan pa rapò ak nivo nòmali li nan 2020 akòz pandemi an, li remonte ak plis pase 90% nivo l te ye anvan pandemi an, pi wo pase kantite pasaje transpò piblik.
- Daprè INRIX, Vil Nouyòk te vil ki te gen plis blokis nan Etazini an 2021.
- Total mendèv NYC se 4,6 Milyon; 1,5 Milyon, oswa 33%, nan CBD.
- Regilye epi soutni objektif ni OneNYC 2050, Plan estratejik Vil Nouyòk ak ni Plan Transpò Rejyonal MPO nan 28-rejyon nan rejyon Vil Nouyòk.

Trafik la gentan
tounen a plis pase
90% **nivo avan-
pandemi an**

**Anvan-pandemi
an, 260Milyon
veyikil antre
CBD chak ane**

Avantaj Sa Ka Rapòte

- Mwens blokis
- Yon sous lajan ki fyab pou amelyore e modènize tren, bis ak wout tren MTA
- Amelyore kalite lè a
- Agrandi aksè pou abitan ki gen fèb-revni ak vizitè lè nou amelyore opsyon vwayaj yo

Istwa

Nan mwa Avril 2019, Gouvènè Andrew Cuomo te pwopoze Refòm MTA a ak (Lwa a) Lwa sou Mouvman Trafik la, sa kò Lejislatif la te pase epi Gouvènè a te dekrete. Lwa a di Administrasyon Pon ak Tinèl Pou Twa Awondisman yo (Triborough Bridge and Tunnel Authority -TBTA) MTA dwe fè, devlope, konstwi epi jere CBDTP a.

Pwochen etap la se yon Evalyasyon sou Anviwònman (EA), ki nesèsè nan kad pwosesis analiz anviwònman gouvènman federal pou desizyon federal. EA a, ap disponib pou analiz piblik nan Out 2022, yo pral gade efè potansyèl CBDTP a. Si gouvènman federal la apwouve pwogram nan, li ka antre an aplikasyon.

Kijan peyaj la ap fikse?

Gen de fason y ap fikse pèman an:

1. Lwa a di CBDTP dwe:

- Fè veyikil pasaje yo peye sèlman yon fwa chak jou poutèt y ap antre oswa rete nan CBD a.
- Chanje pousantaj peyaj la nan lè oswa jou fiks (sa rele varyasyon pèman)
- Pèmèt rezidan CBD ki fè pi piti pase 60 000\$ jwenn yon kredi enpo Eta Nouyòk pou pèman CBD yo fè
- Pa fè veyikil ijans otorize ki kalifye ak veyikil k ap transpòte moun ki gen andikap peye

2. Komisyon Analiz Deplasman Trafik (TMRB) pral rekòmande pousantaj peyaj pou Komisyon TBTA, ki gen mo final la sou ki kantite pousantaj pèman ap ye. TMRB dwe reflechi sou plizyè bagay anvan li rekòmande pousantaj pèman yo, ak:

- Kijan mouvman trafik la dwe fèt
- Enpak sou kalite lè ak polisyon
- Depans
- Efè sou piblik la
- Sekirite

Kijan moun yo ap peye e kijan lajan ap itilize?

- Kliyan yo ap ka itilize E-ZPass yo. Si yo pa gen E-ZPass, y ap ka itilize Peye pa Lapòs, ki voye yon bill pèman pa lapòs nan adrès pwopriyetè machin nan anrejistre a. N ap anonse lòt chwa yo pi devan.
- Aprè nou fin peye pou depans pou fonksyònman CBDTP a, 80 pousan nan kòb la pral itilize pou amelyore ak modènize Transpò Vil Nouyòk, ki jere tren ak bis, 10 pousan pou Wout Tren Long Island epi 10 pousan pou Wout tren Metro-North.

Pou w konnen plis sou Evalyasyon sou Anviwònman oswa aprann kijan ou ka gade oswa patisipe nan nenpòt nan sis pwochen odyans piblik nou yo nan CBDTP, vizite:

mta.info/CBDTP

Si w ta renmen fè kòmantè pandan peryòd kòmantè piblik la, vizite:

mta.info/CBDTP

Pa Lapòs: **CBD Tolling Program - 2 Broadway, 23rd Floor New York, NY 10004**

Imel: **CBDTP@mtabt.org**

Telefòn: **646-252-7440**

Faks: **212-504-3148 [Attn: Ekip CBDTP a]**

Aprann Plis

Pou w aprann plis sou Evalyasyon sou Anviwònman an, voye yon kòmantè, oswa abòne pou w resevwa mizajou pa imel, ale sou mta.info/CBDTP.